

KONNEN DWA OU!

1. OU PA OBLIJE LOUVRI PÒT LA

ICE pa ka antre nan yon kay san yon manda rechèch ki valab epi ki siyen pa yon jij. Mande pou wè manda a, oswa pou yo glise li anba pòt la.

Ou ka mande pou yo kenbe li devan yon fenèt.

2. OU PA OBLIJE REPONN

Ou pa oblije reponn kesyon sou kote ou fèt oswa kijan ou te antre Ozetazini. Ou ka chwazi rete an silans.

3. OU PA OBLIJE BAY DOKIMAN OSWA PATAJE ENFOMASYON PESONEL

Ou pa oblije montre okenn dokiman ki endike ki peyi ou soti. Ou pa janm dwe siyen okenn dokiman san ou pa fin konprann li.

4. SI YO KENBE OU, OU GEN DWA POU W GEN YON AVOKA

Ou ka mande pou pale ak yon avoka, epi ou gen dwa fè yon apèl gratis bay yon avoka oswa fanmi ou.

Moun yo kenbe yo gen dwa pou yo pale ak konsila peyi yo pou jwenn asistans.

5. ASIRE OU KE AVOKA OU A GEN LISANS EPI LI PA YON PARALEGAL OSWA NOTE

Reprezantan legal ou dwe yon avoka ki gen eksperyans epi ki gen lisans Ozetazini.

Li pa legal pou notè oswa paralegal bay konsèy legal nan okenn sikonstans.

6. OU TA DWE TOUJOU GEN KOPI DOKIMAN LEGAL OU YO SOU OU

Si ou deja gen yon avoka, li rekòmande pou ou toujou pote yon kopi enfòmasyon kontak li avèk ou.

Toujou kondwi ak pèmi kondwi ou. Rasanble prèv ki montre kote ou rete. Pa janm prezante fo dokiman ni bay manti.

